

Mete Nan Tonm Lan

57-0420

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Pè Selès beni an, ak–ak Prezans Sentespri a ki deja la, n ap pwoche bò kot Pawòl Sen W la. E malgre vwa pa bon an k ap eseye retni m, pou ap pwononse mo yo senpleman osi dousman e fèm ke m kapab, m ap mande gidans Divin Ou ak onksyon Sentespri a pou ap ajì pami nou aswè a. Ke Sila Ki omniprezan an, ke L pran Pawòl Bondye a pou bay Li a chak kè, jis selon bezwen nou. Ke L nourri nou aswè a, ak bon bagay Bondye yo.

2 E aswè a, pandan n ap pale de Pawòl la, ke kè nou pakouri dè kilomèt pou abouti nan Kalvè, kote Jezi te peye pri konplè ke gwo jijman Bondye yo te egzije, nan jaden Edenn lan. E jodi a ke nou reyalize ke nou jistifye gratis akòz rezirèksyon ak lanmò, antèman epi rezirèksyon Li.

3 E aswè a nou pa fè pati mond lan ankò, paske yo te rachte nou avèk presye pri San Pitit Bondye a. Ke noumenm, ak kè ki gen rekonesans, kapab retounen vin jwenn Ou aswè a, ak tout panse ak tout fòs, nou gen lan nou, pou sèvi W ak yon kè fidèl, ki pi.

4 Akòde aswè a, Papa, si ta gen kèk la ki pa konnen W, nan padon peche yo, ke aswè sa yo ka vini bò lakwa yon fason enb, epi konfese peche yo la bay Bondye ki jis pou padone a. Epi tou ke nwit sa kapab yon gwo nwit pou nou tout. Nou mande I lan Non Pitit Ou a, Seyè Jezi. Amèn.

5 Bon nou konsyan ke pa gen pèsonn sou tè a, ki ka pran Pawòl Bondye a pou revele L poukont li, paske Pawòl la a ekri ak enspirasyon. Sentespri a se Otè Pawòl la.

6 E lè yo t ap chache youn, nan Syèl la, pou pran Liv la epi libere So yo, yo pat jwenn pèsonn nan Syèl la, ni sou tè a, ni anba tè a, ki te diy pou libere So yo, oswa pou menm gade Liv la. Te gen yon Ayo La ki te sakrifye depi fondasyon mond lan, Li te avanse pou pran Liv la nan men Sila ki te chita sou Twòn lan, e Li te brize So yo pou L te louvri Pawòl la.

7 E aswè a nou kwè e nou met konfyans nou nan Li, ke L ap louvri Pawòl la pou nou, e kounye a pandan n ap li nan Ak chapit 2.

8 Jan m te bay li a, premye nwit lan se te *Dezyèm Vini An*, vini...Seyè Jezi an, se te mèkredi. E jedi swa se te *Sakrifis Konplè A*. E vandredi swa se te *Ekspyasyon Konplè A; Pafè A*. Èske w te sezi l yèswa? *Pafè A*, jan nou kapab san repwòch absoliman epi pafè nan je Bondye! E aswè a se *Mete Nan Tonb Lan*. E demen, *Rezirèksyon An*. Senpleman tankou jou yo ap dewoule a.

9 Bon aswè a mwen te chwazi, pou lekti Ekriti mwen, nan liv Ak chapit 2 vèsè 25, 26 epi vèsè 27 la, tou. Epi Sa li konsa, se Pyè k ap pale.

David, Men sa David te ekri sou li: Mwen te wè Bondye, Mèt la, tout tan devan je mwen. Paske li toujou bò kote m. Anyen pa ka brannen m.

Se poutèt sa kè m kontan anpil, se pawòl kontantman ase ki nan bouch mwen. Menm kò mwen, map poze l avèk espwa nan Bondye.

Paske, ou pap kite m kote mò yo ye a. Ou pap pèmèt Sen ou lan pouri anba tè.

10 Ala yon bèl tèks pou aswè a, pou gen kontèks sityasyon L nan tonm lan.

11 Premye bagay nou swete gade... pou atire atansyon w, se enfayibilite Pawòl Bondye a. Bondye kenbe Pawòl Li, alalèt. Epi aswè a nou vle fikse panse nou sou sa, ke Bondye kenbe Pawòl Li. Nou ka gen asirans ke tout sa Bondye di nan Pawòl Li, se Verite. Epi lafwa pa repoze sou sab mouvan ide lòm oswa teyoloji lòm, men Li gen plas repo final li sou Wòch solid Pawòl Etènèl Bondye a.

12 Pawòl la! Si Bondye di l, se Laverite pou toutan. Li pap janm kapab retounen sou li epi pou L di, “ se pa sa M te vle di.” Mwen kapab di yon bagay epi w kapab di yon bagay aprè nou oblije retounen sou li, paske nou te di l ak pibon konesans nou e ak pibon kapasite nou. Men Bondye diferan anpli de nou. Li enfini, se poutèt sa Li pap di yon bagay amwens ke li absoliman pafè. Li pa gen pou L retounen sou li, Li pa gen pou L mande ekskiz sou sa Li te di. Sa toujou kanpe bò kote Verite a.

13 Menm Jezi, Nan gran jou sa ke nap komemore a, lè Bondye te reyèlman imole Pitit Gason Li a pou peche monde lan, sete petèt dèmilye dane anvan menm fondasyon mond lan te janm poze. Bondye te pwononse Pawòl la, e Sa te yon pwodui fini nan Syèl la kan Bondye te pwononse l; li te deja fini. O, si nou te ka sèlman sezi kisa sa vle di, ki diferan moun nou tap ye! Pou n wè nan liv Li a, jijman ki te plase la pou dezobeyisans lan, sa ta fè yon nonm egzamine tèt li tanzantan; epi sa ta fè Yon jis rejwi tanzantan, lè lap li benediksyon yo ke Bondye te pwomèt ak kwayan yo. Epi nou kapab gen asirans ke chak Pawòl pral akonplil, jis ankre nanm nou sou li. Se toujou fason sa sa te ye.

14 Lè Bondye te pale ak Noe, ann retounen nan monde antedilivyen an; petèt anvan yon Bib te janm ekri, oswa Bib sa te janm ekri; Bondye te di Noe pral gen yon tanpèt, epi dlo yo pral kouvri tè a. E san yon ti kal prèv ke sa pral rive, tout bagay te kontrè, Noe te ale avèk krent, epi Li te konstwi lach la, li te prepare l. Sete pou sove lakay li ak tèt pa l. Bondye pat janm abandone l, paske sete Pawòl Li. Sa dwe rive lè Bondye di sa ap rive.

15 Kounye a, lè Jòb, pi ansyen liv ki nan Bib la, kite ekri petèt anvan Jenèz te ekri, epi yo te mete l nan Bib la. Epi Moyiz te ekri Jenèz. Jòb, nan liv li a, li te repoze solanèlman sou pwomès Bondye te fè l la. Epi li te rete ak ofrann boule l la, san l patgen laperèz nan kè l; pandan l te konnen ke, sa Bondye te di, Bondye te kapab reyalize l. E lè tout bagay te sanble ale kontrè, Jòb te kanpe fèm paske pwomès Bondye a te fèm. Bondye te pwomèt Jòb epi Jòb te repoze sou pwomès sa a.

16 O si legliz la te ka rive nan plas sa a kote li te ka solanèlman repoze sou Pawòl Etènèl Bondye ki se Verite! Gade yon diferans sa tap genyen, gade yon koreksyon sa tap genyen, gade yon separasyon sa tap genyen, gade yon jwa sa tap genyen, gade yon pwisans sa tap genyen, lè gason ak fanm ta pran Bondye omo, ke sa Li di se Verite. Kèlkeswa ak sa sikonstans lan sanble, sa pagen anyen pou l wè ak sa. Bondye di l; epi se fini!

17 Epi Jòb, lè li te nan moman ki pi di nan tout experyans li; lè li te wè I nan prezans Bondye, yon nonm ki jis. Menm Bondye te di li pafè. Patgen pèsonn tankou I sou latè. Epi Satan te gen privilèj pou tante I, pandan I di, “ M pral fèl modi w anfas.”

18 Epi Li te prèske pran lavi Jòb, e li tap fè I, men Bondye te trase yon limit, Li te di, “Ou ka fè I tout bagay, men pa pran lavi I.”

19 Konsa lè Jòb te kanpe nan moman tantasyon an te krisyal, li te di, “ Mwen konnen Redanmtè m lan vivan, epi nan dènye jou yo li pral kanpe sou latè. Malgre vè ki nan po mwen ap detwi kò sa, men nan chè mwen mwen pral wè Bondye.” Kèlkeswa jan li te sanble fènwa, epi Jan li te sanble ireyèl, te gen yon bagay ke Jòb te ankre nanm li sou li, pwomès Bondye Etènèl la. O, si nou te ka sèlman fè sa! Remake li te repoze sou pwomès la, “Mwen konnen Redanmtè m nan vivan.”

20 Mwen vle w remake, mwen swete pale sou sa pidevan, ke Jòb te presize plas li ta pral antere a. E lè Jòb te mouri, li te antere konsa.

21 Te gen yon lòt nonm, non li te Abraham, ki te pran Bondye sou Pawòl Li. Epi li te kwè Bondye. Epi li te rele bagay sa yo kite kontrè ak pwomès Bondye te bali, kòm si yo pat egziste. Li te pran Bondye sou Pawòl Li. Epi lès jou tap pase, epi semenn epi mwa, epi menm ane te pase, sa pat janm chanje Abraham yon ti kras. Bib la te di, “ **li pat pèdi konfyans nan Bondye, li pat janm mete nan tèt li pwomès Bondye a te ka pa rive. Okontrè, li te vin gen plis konfyans toujou; epi li tap chante lwanj Bondye.**”

22 Lè tout bagay te sanble senpleman vin pi difisil chak jou; men olye I te febli, Jòb te vin pifò chak jou. O, gade yon asirans beni ke nou genyen ! Lè difikilte yo leve pou fè bagay ke Bondye te pwomèt yo parèt enposib; olye nou dekouraje, epi nou retounen nan mond lan, nou dwe kanpe pi fèm ke nou te janm te ye sou ENSI DI SEYÈ A. Sa dwe regle I, lè Bondye di yon bagay.

23 Epi Abraham te rele bagay sa yo ki te egziste kòm si yo pat egziste, paske yo te kontrè ak Pawòl la. E lè Abraham te pèdi amou li an epi madanm li ki se Sara, aprè plizyè lane yo tap viv ansanm, Li te achte yon pòsyon tè toupre plas kote Jòb te antere

a, epi Li te antere Sara. Ou mande poukisa? Yo te pwofèt ! Yo te wè ! Yo te kontakte Bondye! Epi kounye a lè Abraham te mouri, li te antere avèk Sara.

24 Bon, li pat vle moun sa yo te fè l kado pòsyon tè sa a. Li te achte l, devan temwen yo. Gade yon bèl tip batèm. Li te achte l, devan temwen yo, sa sete posesyon li. O, sa se fason yon vrè kwayan dwe vini, se pa glise nan kwen, men se kanpe devan temwen yo, “ mwen se temwen Seyè Jezi a, epi Sentespri a, epi gwo zèv Li yo,” e anpil lòt bagay ankò kòm nou wè move jou yo ap apwoche.

25 E lè pitit gason Abraham lan, se te Izarak, pwomès la yo te bali a. Epi lè Izarak te mouri, li te antere avèk Abraham. Epi Izarak te fè Jakòb.

26 Epi lè Jakòb te mouri, byen lwen nan peyi Lejip. Men remake, anvan l te mouri, li te di ak pitit gason pwofèt li a, ki se Jozèf, “ Vini isit la, pitit gason m, epi mete men w sou anch enfim m lan.” Paske sonje kijan li te enfim, se paske Anj Seyè te frape l nan anch, epi li te bwate depi jou sa. Li te di l, “Mete men w sou anch mwen, epi jire m pa Bondye papa nou yo, ke w pa pral antere m la nan peyi Lejip.” Poukisa? O, yo te genyen Pawòl la, yo te genyen revelasyon an!

27 E mwen ka kanpe la pou m di ke legliz Bondye vivan an bati sou revelasyon Diven; se pa sou denominasyon, òganizasyon, se pa sou kredo oswa doktrin, men sou Verite espirityèl Bondye vivan ki revele.

28 Abèl, nan jaden Dedenn lan, te genyen l lè legliz la te kòmanse. Kijan l te fè konnen pou l te pote yon ayo? Poukisa li pat pote yon fwi menm jan Kayen te fè l la? Men sa te revele a limenm!

29 Jezi te deklare yon fwa, li te di, “Ki moun yo di Mwen ye Mwen menm Fis de lòm lan?” “ genyen ki di W se ‘Moyiz,’ Epi ‘Eli,’ ak tout lòt rès yo.” Li te di, “ Ki moun nou di Mwen ye?”

30 Ou wè, sa pa repoze sou sa yon moun panse, se sa w konnen ki se Verite a. “ Kisa w panse?” Kesyon sa a ta rankontre nou chak anfas aswè a, “Kisa w panse?”

31 Epi Pyè reponn rapid, san ezitasyon, Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.”

32 kòm Jezi Ki te konnen sekre tout kè, paske Li pat lòt ke Jehovah manifeste nan lachè, epi Li te di, “ Ou se yon nonm beni , Simon, pitit Jonas la, paske se pa moun ki te revele w sa, se Papa m ki nan syèl la ki fè sa. Epi sou wòch sa Mwen pral bati Legliz Mwen an, epi pòt lanmò pap ka fè L anyen.”

33 Epi nou menm kòm nap vanse, nou menm bann Literyen nou vle mache pa lafwa, nou menm bann Metodis nou vle kriye pou genyen L, nou menm bann Pannkotis nou vle pale nan lòt lang pou n genyen L, men se a dimil kilomèt de Sa.

34 Se yon revelasyon Diven Seyè Jezikri a, ki se Pèsonn Èt Li an kite manifeste nan kè a, “Epi sou wòch sa Mwen pral bati Legliz Mwen an, epi pòt lanmò pap ka fè L anyen.” Li mache pafètman ak Matye...24, 5:24, oswa Jan 5:24, “Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye m lan, l ap gen lavi ki p ap janm fini an. Yo p ap kondannen li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi.” Se pa paske w genyen kèk mouvman, kèk emosyon; men nou te genyen privilèj pou Kris revele a nou menm depi nan Syèl la, “Sou wòch sa Mwen pral bati Legliz Mwen an.”

35 Epi, lè Jakòb te mouri, pitit gason li an te vlope kò li, Epi li te antere ak Abraham, Izzarak, Sara, Epi Jòb, nan Tè Sent, nan peyi Palestin.

36 Lè, Jozèf, kòm yon pwofèt. Li te pwospere anba la nan peyi Lejip. Li te konnen Bondye. Bondye te revele L a limenm. Epi lèl tap mouri, Li te di, “ Pinga antere zo m yo isit la, men mete... lè... Yon jou Bondye pral vizite nou!” Poukisa? Li te repoze solanèlman sou Pawòl Bondye te bay Moyiz la, “ Yo pral sèvi nasyon sa a pandan katsan lane, men map mete yo deyò.” Li te repoze solanèlman sou Pawòl la.

37 Epi gade yon bèl ilustrasyon la a, si nou remake. Chak Ebre ki tap pase ak do yo tankou labouyi ak kout fwèt mèt esklav yo. E lè li te gade zo pwofèt li a, Jozèf, li te konnen yon jou yo tap soti. Paske, yo te kite zo sa yo pou Yon memoryal, ke yon jou yo tap soti.

38 Sa fè apeprè kenz oswa dizuitan de sa, lè Billy Paul, yon ti gason senk lane apenn... Nou te genyen yon po flè nou te pran sou tonb manman l lan, yon maten lè bajou tap kase, yon Pak, kòm solèy la tap parèt, fenk leve, oubyen jis anvan bajou kase, se te,

pandan nou ta prale nan sèvis. Epi pandan nou tap mache pou n ale sou tonb lan, ti gason an te retire chapo l kòm nou tap apwoche kote tou sè li a ak manman li te antere. Epi li te kòmanse ap kriye, Epi li te di, “ Papa, èske manmanm nan twou sa la anba a?”

39- Mwen te reponn, “ Non, pitit mwen. Li pa nan twou sa anba a la. Li yon milyon fwa pibyen pase w menm ak mwen.” Li te di, “ M pral wè manmanm ankò?”

40 Mwen te reponn, “ Ak gras Bondye, si w vle l, ou kapab wè l ankò.” Li te di, “Èske kò li ap soti nan tonb sa a?”

41 Mwen te reponn li, “Chéri, fèmen je w, Epi mwen pral rakonte w yon istwa. Anpil ane desa yon maten konsa, te gen yon tonb ki te vid.” Mwen te di, “ Se te yon memoryal. ‘pou sila yo kap dòmi nan Bondye Kris pral pran yo avèk Li lè li retounen.’” San okenn dout, mwen repoze solanèlman sou pwomès Etènèl Bondye a!

42 Tankou Jòb nan tan lontan, lè nou tande ke “ sann retounen nan sann, epi pousyè retounen nan pousyè” sa fè m sonje Longfellow, ki te di:

Pa di m, nan montan finèb,

Ke lavi se jis yon rèv vid!

Nanm kap dòmi yo mouri

Bagay yo pa sanble sa yo ye a.

Li te di:

Wi, lavi a reyèl! Lavi a serye!

Epi tonb lan se pa bi a;

Paske pousyè w ye, se nan pousyè wap tounen,

Pat deklare pou nanm lan.

43 Yo rele sa teyofani, se kan nou nou kite isi a nou ale yon lòt kote. Kèlkeswa jan sa ye, mwen pran Pawòl apot la, lè l te di, “Si tabènak terès sa a oswa plas nou abite

ladann lan detwi, nou gen youn deja kap tann nou, pou n soti nan sa pou n antre nan sa a.”

44 Abraham, Izarak, Jakòb, Jòb, tout pwofèt yo, yo te gen konfyans epi yo te kwè ke tap genyen yon rezireksyon, ke Redanmtè a tap vini. Yo te pwofetize sou Li. Enòk te pwofetize sou Li; li te repoze solanèlman, sele temwayaj li avè l. Izarak, Jakòb, Danyèl, Jeremi, Ezekyèl, yo te repoze solanèlman sou tan ke Mesi a tap vini an.

45 Yo te mouri epi nanm yo te antre nan paradi. Yo pat ka ale nan Prezans Bondye, paske (nou te genyen l yès wa) ke san bèf ak san kabrit pat kapab padone peche ; li sèlman kouvri peche, li tap pale de jou Sakrifis pafè a; paske san animal la pat kapab retounen sou adoratè a, se poutèt sa li pat ka sispann ofri tip de sakrifis sa yo.

46 Men lè Pitit gason Bondye a te mouri, Lavi ki te nan Li a pat lòt ke Bondye, te retounen epi adopte nou nan fanmi Bondye a. Epi kounyeya nou se pitit Bondye, Lavi a soti nan San Li.

47- Kounye a remake rapidman, kòm nap avanse. Lè n gade nan Ansyen Testaman an, sila yo ki te kwè epi ki te adore, epi ki te mouri nan Lafwa, tap tann moman sa a. Rezon ki fè pwofèt sa yo te fè sa, epi ki te vle antere nan Palestin, yo te konnen ke rezireksyon an pa tap pral fèt nan peyi Lejip. Li ta pral fèt sèlman nan Palestin.

48 Se poutèt sa Mwen si aswè a: Mwen gen tout sòt de non; Sa pa gade m kijan moun yo rele m, sa pa vle di anyen pou mwen. Sèl bagay mwen vle fè, se konnen sa: ke m te mouri, epi lavi m kache nan Kris, atravè Bondye, epi sele ak Sentespri a; lè L rele m soti nan mitan lanmò, mwen va reponn nan jou sa. Antere m nan Kris, paske sila yo ki nan Kris Bondye pral pran avèk Li jou sa.

49 Kijan nou antre nan Kris? 1 Korentyen 12:13, *“nou tout nou te resevwa batèm pou n te ka fè yon sèl Kò ansanm, pa pouvwa yon sèl Lespri a, epi nou te devni sitwayen Wayòm Bondye a.”* Nap pwofese nou se pèleren epi etranje sou tè sa a, pa chèche bagay monden sa yo ankò, men chèche vini beni Wa a kap vinn repran kontwòl domenn lan, soti nan lanmè pou rive nan lanmè san limit, lè L va vini nan laglwa Li. Se sèten nap chèche Vini Li an.

50 Epi pa gen dout nan lespri m, ke se sa Jezi te gen nan lespri L lè Li te isi a sou latè, ke se te enfayibilite Pawòl Etènèl Bondye a. Paske nou konnen ke nan Li te abite tout plenitud Kò Divinite a. Divinite antye a te abite nan Li. Li te alafwa Papa, Pitit, Sentespri, ki te abite nan fòm imen an; teyofani Bondye a, gwo imaj Bondye ki te fè lòm lan, epi plase l sou latè. Li te gen yon kò. Bondye pa egziste san yon kò. Bondye gen yon kò, epi li sanble ak yon nonm. Moyiz te wè l, lòt yo te wè l, epi li sanble ak yon nonm.

51 Epi se jis yon imitasyon, de sa a, de Sa ye. Epi tout bagay sou latè, bote a, dousè a, bote tè a, pa anyen lòt nan mond lan ke yon repons ak yon bagay ki pi bon ke sa, kap tann nou lè nou kite mond sa a. Paske, tout bagay ki sou latè se jis yon modèl de sa ki nan Syèl la. Tout sa ki bon, tout sa ki jis, tout sa ki bèl, pyebwa yo, zwazo yo, tout bagay, se jis yon modèl de sa ki nan Syèl la.

52 Pwòp lavi nou se jis yon modèl. Se jis yon lonbraj, e pa bagay ki reyèl l la. Se kote negatif la. Sa pran lanmò pou devlope foto a, pou remete nou nan teyofani nou te soti ladann lan. Epi nan rezireksyon an nou vinn sanble ak Li, yon kò resisite. Gade yon bote; se pa sèlman yon bote, men se reyalyte, Verite solanèl Pawòl Etènèl Bondye a, ke nou pral menm jan ak Li.

53- Remake kounyeya, Jezi, ki te envesti ak tout pouvwa Bondye yo, men, lè Li te rankontre Satan, Li pat janm okenn nan pouvwa Li yo. Li te sèlman refere l ak Pawòl la! Li te fè l. Li te di, “ Moun pa kapab viv ak manje ase. Yo bezwen tout pawòl ki soti nan bouch Bondye tou.”

54 Lè sa kijan w ka w rete lakay w epi w jis yon bon Kreyen w te ka ye? Ou pap kapab fè l. Li Pawòl la! Sentespri a nourri tèt li ak Pawòl la. Bib la se rejim espiyityèl Bondye pou Legliz li a. Epi Sentespri a se Sila Ki pote l ba ou Epi plase l nan kè a, epi avèk yon aksyondegras pou w awoze l. Epi tout pwomès Diven pral pwodui jis egzakteman sa Bondye te di l te ka fè. Li dwe fè l. Se Pawòl Li a, epi se Lavi Li a.

55 kounye a, mwen te bliye ke mwen te sipoze genyen demi èdtan. Sa pran m anpil tan pou m rive a sa m vle di a.

56 Men remake Jezi nan dènnye lè, oswa de, nan lavi Li, anpil, anpil pwofesi te akonplil.

57 Yon moun te di m, “ Frè Branham, sa dwe rive, epi sa dwe rive.” Mwen te reponn, “ Sa ka rive nan inèd tan.”

58 Si w li Sòm vennde a, epi obsève lè lanmò Li a sou kwa a, mwen jis bliye kounye a konbyen pwofesi an sispan ki te akonpli nan de oubyen twa dènye lè nan lavi Li ! Sètènman, “Yo pèse men M ak pye M. Bondye, Bondye mwen, poukisa ou lage m konsa?” ak lòt bagay yo, kòm David te di l.

59 Epi lòt bagay mwen vle w remake, Verite a, pati Pawòl enfayib Bondye. Bib la te di, “ Li gade tout zo Li yo, pou youn nan yo pa kase.” Paske nan tip la, ayo paskal la te yon tip de sa. Fòk ayo a te san defo, okenn zo pat dwe kase nan ayo a. Epi nan lè kan Li te... Li te mouri a, yo te monte pou yo te kase zo L ak yon mato. Epi jis anvan... gade moman krisyal sa a! Nonm lan ak mato a, pare pou frape janb Li an, men Pawòl Bondye te di, “Pap gen youn nan zo nan kò Li kap kase.” “ Kijan sa ta pral rive?” Nou prese.

60 Pawòl Bondye a Etènè! Si Pawòl Bondye tèlman pafè, ke sila yo ki nan Kris sèten yo resisite ke gen yon rezireksyon. Menm jan Li sove w, Bondye jis oblije pou L geri w ak Pawòl Li tou. Paske, Li, se Pawòl Li ki te pwomèt li. Se Pawòl Bondye, epi nou pa gen dwa retire L. Men jis di, “ Se Verite a.” Kwè L! Kèlkeswa sak rive, kwè L kanmenm. Se fason sa rès nan yo te kwè L, epi nou pa ekskli desa. Bondye te bay Izrayèl Palestin, men yo te dwe goumen pou chak moso tè yo te genyen. Pwomès la se pou w, men w dwe batay pou chak pous w reklame; dyab la pral wè sa, sètènman lap wè l.

61 Men remake lè yo te pare pou yo te kraze janb Seyè Jezi nou an, si mato sa te frape janb lan epi l te kraze l, yo tap wè Bondye se yon mantè. Men pat gen ase demon nan lanfè ki tap kite mato sa frape kò presye sa a. Paske David, uisanzan anvan, te di, “Pap gen okenn zo nan kò Li kap kraze.” Pawòl Bondye dwe kanpe sou Verite.

62 Men kisa yo te fè lè sa? Yo te pran yon epe epi yo te fourè l nan kòt Li, epi San ak dlo te soti, pou akonpli sa Bib la te di, “Yo te pèse Menm ak kòt Mwen.” Pawòl la te akonpli.

63 Kounye a lè li tap mouri, o, gade yon lè terib! Mwen panse ak chante sa, ki, sensè,
Li jis fè m Santi m mal, lè m panse ak chante sa a ki te ekri plizyè lane de sa.

Nan mitan wòch ak syèl son,

Sovè m nan te koube tèt Li epi li te mouri;

Vwal dechire a te revele chimen an

Syèl lajwa a ak jou ki pap janm fini an.

64 E lè li te pandye la a, Li tap senyen epi L tap mouri, lè Li te koube tèt Li, solèy la te wont tèt Li, pou lap gade kreyati mòtèl sa yo ke Bondye te fè ak imaj Li, ta peye yon konsa pou rachte l, solèy la te refize voye je l sou tè a nan lè sa a. Lalin lan te tèlman jennen ke l te retire kò l nan plas li a. Epi zetwal yo te bay tè a do. Ki bagay terib peche dwe ye, men ki jan Bondye te annafè avè l.

65 Epi gade prèt mokè sa yo, ak krache ki tap koule nan figi Li. Yon nonm frape L nan tèt, ak yon wozo, epi l te di, "Si W se yon pwofèt, di ki moun ki frape W." Youn nan yo rale bab Li nan figi L, epi frape L nan figi L, epi l te vle L pou L defann tèt li.

66 Li te di, " Si Wayòm Mwen te sou tè sa a, Mwen tap rele Papam menm kote a, pou L voye douz lejyon zanj sove M,"

67 Sa te ka chanje, men kijan L te fè l ? Li jis pat ka fè l, paske se te pou pwòp pitit Li yo ki tap kriye pou San Li an. Èske w ka imajine yon papi, yon papa, avèk pwòp pitit Li yo (nan fènwa) kap kriye pou pwòp san papa yo? Se rezon sa ki fè Li pat ka fè anyen lòt ke mouri. Si L pat fè l, sa tap yon katastwòf pou pitit Li yo, sa tap yon katastwòf pou kreyati yo. Men Li te dwe mouri, pou sove pèp Li.

68 Epi lè Li te fè sa, li te bese tèt li, vye tè sa a te genyen yon frison kouri sou do li. Li dwe te fè yon depresyon nève, paske Bib la te di ke "tout tè a, depi sizyèm èdtan jiska nevyèm èdtan an, te fè nwa, sou tout sifas tè a." Epi tè a tranble, ak wòch yo fann. Vwal tanp lan dechire depi anwo jouk anba, blòk sakrifis yo vire bò. Pitit Bondye vivan an te mouri. Li te tèlman mouri jiskaske solèy la rekonèt li. Li te tèlman mouri jouk lalin lan rekonèt li. Li te tèlman mouri jouk zetwal yo rekonèt li. Li te tèlman mouri jiskaske tè a rekonèt li. Li te tèlman mouri jiskaske eleman yo rekonèt li, atmosfè yo rekonèt li. Tout bagay te dwe konnen ke se te Fis de Dye a! Paske, Pawòl Bondye a pa t kapab fayi, li te pwomèt, soti nan Jaden Edenn nan, "Desandans ki va kraze tèt sèpan an."

69 Kounye a, kisa ki te rive Li? Ki kote Li te ale lè Li te kite kwa a epi antre nan kavo Jozèf, moun Arimate a?

70 Li te tèlman pòv, Li pa t gen yon kote pou poze tèt Li. Li te fèt nan yon etab, ak yon non obski dèyè Li, kòm "yon timoun ilejitim." Yo te ri, yo te pase L nan betiz, yo te pase L nan rizib sou tè a. Yo te pase L nan betiz, epi rejte L. Epi lè Li te mouri, Li te oblije mouri pa pinisyon kapital la, nan mitan de vòlè. E pa t menm gen yon kote pou antere L, answit yo te antere L nan tonm yon lòt moun. Menm Bondye nan Syèl la vini sou tè a! Ki moun nou panse nou ye, ki dwe pase yon ti soufrans? Sa Li te fè pou nou! Panse a sa, zanmi, etidye li.

71 Sòlda women an di: "An verite, se Pitit Bondye a." Pechè a te oblije rekonèt li. Jida te di: "Mwen te trayi San inosan." Li te oblije rekonèt li. Tout tè a te rekonèt li.

72 Answit ki kote Li te ale? Lè yon moun mouri, èske sa fini? non, mesye. Li te oblije mouri konsa paske Bib Bondye a te di Li t ap mouri konsa. Epi Li te fè Pawòl Bondye a konfyans. Se rezon ki fè Li te kapab di, nan lavi Li, "Detwi tanp sa a, epi mwen pral leve l nan twa jou."

73 Paske David te di, yon sèl kote, sèlman, nan Bib la, anba enspirasyon an, Lè David, pwofèt Bondye a, pwofèt ki te wenn ak Pawòl la te di: "Mwen pap kite Sen Mwen an wè koripsyon, ni Mwen p ap kite kite nanm Li nan lanfè."

74 Jezi di: "Ou detwi kò sa a, e M ap leve l nan twa jou." Li te konnen Pawòl Bondye a pa t kapab fayi. O, lala!

75 Si Li te kapab repoze solanèlman sou sa, Li te kwè ke Pawòl Bondye a pa t kapab fayi, konbyen plis nou ka repoze osi solanèlman paske nou te ne de nouvo ak Sentespri a, e Li se yon temwen nan kè nou kounye a ke nou konnen Redanmtè nou an vivan e L ap vini ankò yon jou. Gen asirans ke Bondye pral ramne avè L moun ki nan Kris yo! Kounye a, remake.

76 Se sa Li te ye. Li te konnen ke pa gen yon sèl selil nan kò sa a ki t ap kòronp. Swasanndouzè de tan, koripsyon an kòmanse. Se rezon ki fè Li pa t janm rete twa jou yo. Li te mouri nan vandredi apremidi, li te leve Dimanch maten. Men, se te diran twa jou yo. Diran twa jou sa yo Li te gen pou Li resisite, paske Li te gen konfyans nan Pawòl Bondye a.

77 Men Li la a! Ki kote Li te pati lè Li te ale? Bib la te di, "Li te monte. Li te ale, epi preche a nanm ki te nan prizon yo, ki pa t repanti nan jou Noe te andire ak pasyans yo." Nanm Li, Lespri Li, teofani pwòp Tèt Li, te desann. Ann swiv Li. Èske w ta renmen sa, aswè a, swiv Li kèk minit? Ann wè kote Li te ale.

78 Jis anba rejyon kreyati mòtèl yo wayom pwisans demonyak la demere; anba li... jis anlè sa a nanm enjis yo demere; anba li vrè domèn Satan an demere, lanfè. Epi, jis anlè nou Sentespri a demere; Answit, anba lotèl la nanm moun ki jis yo demere; pwochen an se Bondye Li menm. Yonn ap desann, yonn ap monte; de lespri yo yo isit la sou tè a, ap enfliyanse moun ki sou tè sa a.

79 Epi lè Jezi te mouri, Li desann, laba a. Mwen ka wè Li nan Vandredi apremidi sa a, apre lanmò Li, [Frè Branham frape chè a—Editè a.] frape nan pòt rejyon moun ki pèdi yo. Ann swiv Li yon minit. Pòt la ouvè. Te gen fi, te gen gason, te jèn dam la, te gen granmoun, yo tout te ansanm nan kote efreyan ke yo rele prizon nanm pèdi yo.

80 Si mwen te gen tan, mwen ta renmen di nou. Epi li ta ka jis yon vizyon. Men yon fwa mwen te vizite kote sa a, epi mwen mande pitye, lè mwen te yon pechè ki t ap sibi yon operasyon. Lè mwen te soti, mwen te kanpe nan direksyon Lwès, ak men mwen anlè nan direksyon Syèl la, epi a kwa ki klere sou mwen.

81 Men nan kote sa ki chaje ak lapenn, Jezi te ale nan pòt la. Tout bagay te oblije temwen ke Li te Fis de Dye e a, paske yo te tande predikasyon nan jou Noe te andire ak pasyans yo. Li frape nan pòt la, Li te di: "Se de Mwen Menm Enòk te pale a. Mwen se Semans fanm lan, ki te dwe kraze tèt sèpan an. Chak Pawòl Bondye te reyalize; Mwen fèk mouri laba a sou Kalvè, e Mwen t achte Legliz Mwen an. Kifè Sila Enòk te pale a, se Mwen Menm." Epi yo te san mizerikòd, san espwa, paske yo te transgrese. Epi pòt la te fèmen nan figi yo.

82 Desann nan rejyon demon yo! Desann nan veritab pòtay lanfè a! Li frape nan pòt la. [Frè Branham frape chè a—Editè a]

83 Sa a se lè Li te nan kavò a, kò Li ladann, ap tann rezirèksyon an. Li te vizite kote moun ki jis ak moun ki enjis yo ale; kote w prale youn nan jou sa yo, nan youn oswa lòt kote a.

84 Epi Li frape nan pòt lanfè a. [Frè Branham frape sou chè a—Editè a] Epi, lè Li te fè sa, dyab la soti. Apre sa, mwen kapab jis tande L di, "O, konsa Ou rive finalman. Mwen te panse ak sètitud ke mwen te pran W lè mwen te touye Abèl."

85 Ou wè, lè Semans sa a te pwomèt nan jaden Edenn nan, dyab la te toujou ap eseye detwi Semans sa a. Alò lanmò Abèl, epi nesans Sèt, se te jis yon lanmò, antèman, ak rezirèksyon Kris la. Semans sa a dwe kontinye. Men li te eseye detwi Li.

86 Li te di: "Mwen te panse mwen te pran w lè m te detwi Abèl. Mwen te panse m te pran w lè mwen te detwi pwofèt yo. Mwen te pozitif m te pran W lè mwen te koupe tèt Jan. Men kounye a, aprè tou, Ou rive. Mwen pran Ou kounye a." O, lala!

87 Mwen ka tande L ki di: "Satan, vin isit la!" Li se Bòs kounye a. Lonje men L, pwan kle lanmò ak lanfè sou kote I, Li te kwoke li sou Pwòp kote pa Li. "Mwen vle fè yon anons. Ou te yon blòfè ase lontan. Mwen se fis Bondye vivan an ki fèt pa nesans vijinal la. San Mwen ankò mouye sou kwa a, epi tout dèt la peye! Ou pa gen okenn dwa ankò. Ou dezabiye. Ban Mwen kle sa yo!" Se vre. Vire bò epi ba li yon bon kout pye, epi fèmen pòt la ansanm, epi Li di, "Rete la! Mwen se Bòs apati de moman sa."

88 Kounye a, Li pa t gen kle Wayòm nan, paske Li te bay Pyè yo; nou te pale de tou sa maten an, nan dlo batèm. Men, Li te gen kle lanmò ak lanfè, epi Li pran yo; apre rezirèksyon Li, Li te di, "Mwen te gen kle lanmò ak lanfè." Pyè te gen kle Wayòm yo. Satan te gen kle lanmò ak lanfè; men kounye a Jezi gen yo, Li se Bòs.

89 Li kòmanse isit la. Pak ap pwoche; tan an pase vit. Men gen yon lòt gwoup. Kote Jòb ye? Kote Abraham? Ki kote yo ye? Kote moun sa yo ki te mete konfyans yo nan Pawòl Bondye a? Èske Li te bliye yo? Èske lanmò te detwi yo? Èske se te sèlman sa? Jamè, jamè; Bondye dwe kenbe Pawòl Li.

90 Mwen ka wè Li. Ann fè yon ti koudèy nan Paradi a, epi gade laba a. Epi mwen wè Sara ak Abraham ap mache laba a, epi apre yon ti tan [Frè Branham frape—Editè a.] yon bagay nan pòt la. Abraham ale, li ouvri pòt la, li te di: “Cheri, vin isit la. Gade isit la! Gade isit la, se Menm Sila a ki te kanpe avè m anba pye bwadchenn lan jou sa a.” Li se Bondye Abraham nan.

91 Nan menm moman sa a mwen ka wè Danyèl gade sou zepòl li, epi li di: “Sa a se Wòch ki te detache nan montay lan, osi sèten ke mwen kanpe isit la.”

92 Mwen wè Jòb leve, li di: “Se Redanmtè mwen an ke mwen te di mwen konnen ki te vivan an, epi yon jou Li va kanpe sou tè a. Kò mwen ka pa menm yon ti kiyè sann dife, men nan kenz minit apati de kounye a mwen pral tounen nan li ankò. Se Li Menm.”

93 Ezekyèl gade anwo a, epi li di: “Mwen te wè menm Moun sa a tankou yon Wou nan mitan Wou a, ap vire, anlè byen wo nan mitan lè a.” O, lala!

94 Answit Enòk pwoche. Enòk te di: “Mwen te wè L ap vini ak di milye pami Sen Li yo, pou egzekite jijman.”

95 Te gen sen Ansyen Testaman yo k ap tann, sèten yo t ap tann, anba ekspiyasyon san an. Yo pa t kapab ale nan prezans Bondye a, Bondye nan syèl la, paske san kabrit ak san mouton pa t kapab retire peche.

96 Men, Li te di: “Frè m yo, Mwen se Sila nou panse Mwen ye a. Mwen se Semans Fanm la. Mwen se Fis de David la. Mwen se Fis de Dye a. Mwen se Sila ki fèt pa nesans vijinal la. San mwen te ekspiyè pou li. Nou te tann anba san mouton ak bouk kabrit, men kounye a, San Mwen ekspiyè, kifè nou lib. Ann monte, Pak prèske rive.” Jis panse, sa te jis apeprè mil nèf san ak kèk ane de sa, aswè a.

97 Mwen ka tandè Abraham di: “Senyè, lè nou leve nan kò nou ankò; aprè Sara ak mwen jis te renmen sa si tèlman; sa pa deranje W si nou fè yon ti kanpe rapidman, an kèlke sòt, sou wout Ou a?”

98 Ebyen, mwen ka tandè Li di: “Poukisa, non, sètènman pa. Mwen prale rete avèk disip Mwen yo pandan karant jou. Gade alantou epi wè kisa tout bagay sanble!”

99 Nan bèl maten Pak sa a (kote nou pral debite maten an, si Senyè a vle) lè Li leve soti vivan pami mò yo, Bib la te di dapre Sen Matye 27, ke “Anpil nan sen yo ki te dòmi nan pousyè tè a leve, soti nan tonm yo.” Ki moun li te ye? Abraham, Izarak, Jakòb, Jòb, moun kipa revelasyon espirityèl yo te konnen Redanmtè a t ap kanpe sou tè a yon jou. Se yo menm, premis moun ki te andòmi yo. La yo te mache nan vil la. Mwen ka wè Sara ak Abraham, jèn, epi ranpli... epi bèl, epi—epi ranpli ak lavi, pa p janm vyeyi ankò, pa p janm malad ankò, pa p janm grangou ankò, ap mache nan kò yo.

100 Kayif te kanpe la, li di: "Ou konnen kisa? Te genyen yon bagay ki te pase lòt jou a, jis gade nan ki dezòd tanp sa a ye ! Gen... Nou pral oblije jwenn yon moun pou koud rido sa a. Gade sa yo, bwat sakrifis yo vire bò. Kisa ki te pase? Eske Misye sa se te yon astrològ? Èske Li te yon sòsyè? Oswa, sa ki te pase? Tande! Vini non, Jozèfis, kiyès jèn koup sa a ki kanpe la?

Abraham te di, "Sara, yo rekonèt nou. Pito nou ale."

101 "Yo te parèt devan anpil moun!" Sa pa t jis sa. Pou fini, obsève. Yon jou apre Li te... yo te vizite; Abraham, Izarak, Jakòb, ak yo tout te vizite peyi a. Lè Jezi te monte...

102 Ou di: "Frè Branham, èske sa mitik?" Non, mesye! Mwen pral montre ou Ekriti yo, nan yon minit.

103 Lè Li te kòmanse monte, yo te sèlman wè Li, men Sen Ansyen testaman yo te ale avèk Li, paske Bib la te di ke "Li te kondwi kaptif an kaptivite yo, epi ofri don bay lèzòm." Epi mwen ka wè Li pandan L ap monte, epi rasanble ak Legliz Li a.

104 De zanj soti nan gwoup ki t ap jwe mizik la, desann laba a, epi yo te di: "Nou menm moun Galile, poukisa nou kanpe ap gade anlè? Paske menm Jezi sa a, ki te anlve a, ap vini ankò." Sètènman! Yo te prese tounen pou yo rantre nan pwosesyon an.

105 Epi pi wo nan syèl la Jezi ak sen Ansyen Testaman yo te ale. Yo te depase lalin nan, yo te depase solèy la, yo te depase zetwal yo. Epi lè yo te wè gwo, bèl syèl blan sa a, Sen Ansyen Testaman yo te rele byen fò, yo te site Ekriti yo, "Leve, Nou menm pòtay etènèl yo, se pou nou leve anlè! Leve, nou menm pòtay etènèl yo, epi leve anlè! Epi se pou Wa de Glwa a antre!"

106 Tout zanj yo te rasanble sou tèt ranp Syèl la, epi yo te di: "Kiyès ki Wa de Glwa sa a?"

107 Sen Ansyen Testaman yo te di, "Senyè ki gen tout pouvwa a, pwisan nan konba! Li te yon Konkeran!"

108 Zanj lan te peze gwo bouton an, epi pòtay an pèl yo te louvri.

109 Gran, pwisan Konkeran vini oti dirèk nan vil Jerizalèm nan, pote sen Ansyen Testaman yo. Bann Angelik yo ap jwe, tankou zanj yo ap rele byen fò. Li te pwisan konkeran an! Li te gen kle lanmò ak lanfè ki pandye sou kote li, ki t ap pral desann nan palè Glwa yo jouk Li rive sou Twòn nan. Epi Li di: "Papa, men yo isit la. Yo te kwè, ak lafwa nan Pawòl Ou, ke Mwen menm ta pral vini yon jou. Mwen te konkeri alafwa lanmò ak lanfè." Kisa li te ye, frè? Li te gen mak yo nan men Li, pou montre ke Li te ale batay la. Glwa pou Bondye ki anwo nan Syèl la! Li se pwisan Konkeran sa a! "Men yo, Papa; Abraham, Izarak ak Jakòb."

110 Mwen ka tandè L di: "Pitit mwen, monte isit la bò kote Mwen, epi chita jiskaske Mwen fè tout ènmi yo tounen kapèt ou." Frè, yon jou Li pral vini ankò, e ki jou sa pral ye!

111 Li pa t rete inaktif lè Li te nan kavò a. Nou panse Li te jis kouche la, mouri. Men, li te kontinye ap fè konkèt, Li desann epi Li te pran kle yo nan men Satan, Li gen kle alafwa lanmò ak lanfè, aswè a. Li te di, "Paske mwen vivan, ou ka viv tou."

112 Mwen mande tèt mwen aswè a, chè frè m, sè m, èske w te panse a sa sensèman? Èske w reyalize ke w ap viv sèlman paske li vivan? Èske apresye li ase pou ofri tèt ou, epi di, "Bondye, men mwen isit la, yon pechè, gen pitye pou mwen"? Eske ou janm aksepte sakrifis ki antyèman sifizan sa a? Èske w te janm di Li ou renmen L? Èske sa blese santiman w lè w fè sa ki mal? Si ou pa janm rive nan eksperyans sa kounye a, nan ansevelisaman sa a! Kote, tan nou an ap file. Jis santi w kòrèk! Alò, m ap mande, si ou pa t janm resevwa Kris antanke Sovè pèsonèl ou, mwen mande si ou ta fè sa pandan n ap bese tèt nou tèt jis yon ti moman nan yon mo priyè.

113 Jwe sa, *Mid Reding Rocks*, si ou vle, Sè Gertie, si ou genyen li. Oke, nenpòt mizik ap bon.

114 Ak tèt ou bese, mwen pral mande w yon kesyon vrèman sensè. Sonje zanmi, pechè oswa sen, ou pa soti nan egzistans lè nou antere ou. Nanm ou yon kote. Kounye a, Jezi te vizite tou de kote yo, dapre Ekriti yo. Ki kote Li ta jwenn ou si ou ta ale aswè a? Èske ou ta p gen pòt mizèrikòd la fèmen nan figi ou, paske ou te rejte L? Sonje byen, non sèlman Li se yon Sovè, Li se yon Jij. Ou se jij la kounye a, kijan ou jije Li? Kite L Sovè ou kounye a.

115 Yon ti istwa vin nan tèt mwen. Kèk tan de sa gen yon ti gason ki te chita nan yon—yon kabwèt. Yon zam tire nan lari a, epi cheval yo kouri ale, li te ale sou yon falèz. Yon jèn kòbòy kouri epi li stope cheval yo jis anvan kabwèt la te tonbe nan falèz la, paske li te gen yon ti bebe anndan li. Li sove lavi ti pitit la.

116 Anpil ane apre sa, kanpe nan tribinal la. Menm ti gason sa a te fè yon krim, li te pran move chemen, li te koupab. Li te bwè alkòl, jwe aza, tire yon nonm; epi li te koupab, yo te jwenn koupab. Answit jij la leve, e li te di: "Mwen kondane ou pou pann ak yo kòd nan kou w jiskaske lavi mòtèl ou a disparèt."

117 Jenòm sa a te di: "Jij!" Epi li kraze pwosyon tribinal la, pandan li vole sou ray la epi li tonbe nan pye jij la, plede mizerikòd. Li te di, "Jij, gade figi m! Ou pa rekonèt mwen?"

Jij la te di, "Non, pitit gason, mwen pa rekonèt ou."

118 Li te di: "Ou sonje lavi yon ti gason ou te sove, sa gen anpil ane, de yon cheval an kaval?"

Jij la te di, "Wi, mwen sonje sa."

119 Li te di: "Mwen se ti gason sa a." Li te di: "Jij, ou te sove m lè sa a. Sove m kounye a!"

120 Jij la bese je gade l, epi di: "Pitit gason, jou sa a mwen te sovè ou. Jodi a mwen se jij ou."

121 Jodi a Li se Sovè w, pechè, demen Li ka Jij ou.

Ann reflechi sou sa kounye a, pandan mizik la ap jwe. Epi tout moun ap priye, sa yo ki sou teren lapriyè ak Bondye.

122 Mwen mande tèt mwen aswè a kounye a, byen vit, moun ki ta renmen aksepte Kris kòm Sovè pèsonèl yo, di, "Bondye, gen mizèrikòd pou mwen, yon pechè. mwen vle vini pa San vèsè a. Mwen bouke rantre nan legliz epi kouri de kote an kote. Mwen vle ne de nouvo. Mwen vle yon eksperyans nan kè mwen pou mwen konnen ke Kris te revele Tèt Li a mwen, pa revelasyon espiyèl ou sot pale a, Frè Branham. Mwen vle revelasyon espiyèl la, Sentepri a nan kè mwen, ki fè m vivan, fè Kris pi reyèl pou mwen pase pwòp tèt mwen. Mwen anvi eksperyans sa a, Frè Branham. Èske w pral priye pou mwen pandan m ap leve men m?" Èske w pral leve men w kounye a, moun ki vle mwen sonje l. Bondye beni w madam. Bondye beni w dèyè a, madam. Se byen. Bondye beni w, mesye. Se byen. Leve men ou, kounye a leve ak men ou.

123 Kijan w ta ka wont? Èske ou ta ka rejte yon Bagay konsa, zanmi? Sonje.

124 "O," ou di, "Frè Branham, predikatè yo te preche pandan pakèt lane." Mwen konnen, men youn nan jou sa yo yo pral sispann preche. Epi fason bagay yo prale a, li ta ka touswit. Ou pral tande dènye prèch ou a. Franchman, sa a ka dènye pa w la.

125 "O," ou di, "Mwen jèn." Sa pa konte. Lanmò pa gen respè pou pèsòn, oswa laj oubyen kapasite.

126 Èske w pral aksepte Li kounye a kòm Sovè pèsonèl ou, ak men w leve, pou di: "Bondye, gen pitye pou mwen"? Leve men ou ak la rès sa yo, epi di: "Kounye a mwen vle aksepte Kris." Èske w pral leve men ou?

127 Yon moun ki retrograde, di: "Bondye, gen pitye pou mwen. Mwen vle tounen vin jwenn Kris aswè a, pou demen ka yon rezirèksyon, nouvo, pou mwen." Èske ou ta leve men ou? Leve men ou, di, "Pran pitye pou mwen. Mwen vle vini kounye a." Èske w pral fè sa? Leve men ou, di, "Mwen te yon retrograd, men aswè a..." Bondye beni ou, madam. Bondye beni w. Se byen. "Mwen pral aksepte Kris kòm Sovè pèsonèl mwen. Mwen pral aksepte Li aswè a. Mwen te moute desann, anpil ane lwen Bondye, men kounye a m ap tounen lakay mwen." Èske w pral aksepte Li aswè a, pou sa a ta ka yon nouvo rezirèksyon pou ou, ansyen lavi ou ta ka fini?

128 Dam sa a ap vini sou lotèl la, pou l fè konfèsyon, pou l kanpe. Yon lòt moun vle pran plas yo isit la, vini isit la avèk li, sou konfèsyon yo? Èske w ta kanpe, epi w ta vini sou lotèl la tou? Lotèl la louvri. Sètènman. Vini non, kounye a. Si ou vle kanpe isit la epi priye, se t ap trè byen. Vini non. Èske w pral vini? Sou konfèsyon lafwa w, lè w kwè nan Fis de Dye a, èske w pral vini kounye a? Trè byen.

129 Se ou menm, sonje sa. Ou se konsène a. Èske w se yon pechè? Èske ou se yon retrograd? Èske ou refwadi epi lwen Kris? Epi ou vle kòmanse anèf avèk Li kounye a, kòmanse lavi anèf? Kannètil de ou menm, mari ak madanm ki te nan-te nan chire pit depi lontan, ap fè zen nan fwaye w? Ou pa pral vin rektifye sa ak Bondye epi youn ak lòt kounye a? Fè Pak vrèman yon Pak pou ou, kòmanse yon nouvo fwaye.

130 Kannètil de ou menm ki pa janm te, pa janm gen lapriye lakay ou, ou jis soti nan legliz la ale lakay ou epi eseye viv osi byen ke ou kapab, pa janm rasanble fanmi an ansanm epi priye? Se poutèt sa nou te gen delenkans jevenil ak bagay nou te genyen yo. Se poutèt sa

fwaye Ameriken yo brize. Ou pa pral vini, kòmanse anèf aswè a? Èske w pral fè sa? Ou envite. Sonje byen, mwen se minis ou kounye a; Mwen pral yon temwen nan jou sa a.

Pandan ke nou gen tèt nou bese, alò, kounye a pou lapriyè.

131 Papa Selès nou an ki beni, aswè a nou pote odyans sa a ba Ou, nan fason ki pi solanèlman sakre ke nou konnen. Nou pwoche avèk imilite bò kote Tròn Ou a. Epi aprè Mesaj la aswè a, sou, gran ansevelisman sa a, Li pa t janm demere an silans, nanm Li te ale dirèk nan

rejyon yo epi fini travay Bondye a, ke Li te òdone pou fè.

Epi nan landeman maten, nou konstate kote Li te pase atravè domèn yo ki anwo, konkeri tout bagay, nan rezirèksyon Li. Men Li soti nan maten Pak pou jistifikasyon nou. Epi nou konstate ke Li te voye a Sentespri tounen, pou kondane moun nan peche.

132 Epi nou priye aswè a, Senyè, ke moun ki te leve men yo kapab raple devan Ou. Se pou desizyon yo soti nan kè yo aswè a, ke yo te resevwa Ou, epi yo te kwè nan Ou, epi ke yo kapab sele pa So pwomès la aswè a, Sentespri a. Akòde I, Papa. Paske, nou konfye yo ba Ou, avèk Mesaj sa a aswè a. Se pou Li beni moun ki te tandè Li, moun yo, Seyè, ki pral pran Li avèk yo pou ale lakay yo, epi plonje Li byen fon nan kè yo. Se pou yo viv de Pawòl Bondye a. Akòde li, Papa, paske nou mande I nan non Kris. Amèn.

Ò ò [—Editè a]